



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL REYINYON VITYÈL  
ESPESYAL KOMITE LEKÒL BOSTON NAN**

**26 Jiyè 2023**

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon vityèl espesyal nan dat 26 Jiyè 2023 a 6 p.m sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo Komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

**PREZANS**

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ansanm ak Repezantan Elèv yo, Diego Mehta.

Manm Komite a ki te absan: Brandon Cardet-Hernandez.

**DOKIMAN YO TE PREZANTE**

[Ajanda](#)

[Nòt: Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a Sipèrentandan Fè](#)

[Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a Sipèrentandan Skipper Fè](#)

[PowerPoint: Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 Sipèrentandan Skipper Fè](#)

**APÈL POU KÒMANSE**

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman fidelite. Madam Sullivan te fè apèl. Mesye Cardet-Hernandez te absan. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (ASL) epi te founi konsiy sou kòman pou gen aksè ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan. Yo te pibliye dokiman reyinyon ki tradui yo nan [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) avan kòmansman reyinyon an.

Zoom

26 Jiyè 2023

Madam Robinson te eksplike ke pwiske se yon reyinyon Komite Lekòl espesyal, ki konsantre sèlman sou oto-evalyasyon Sipèrentandan an, p ap gen yon peryòd kòmantè piblik. Li te di ke pral gen yon posiblité pou kòmantè piblik nan evalyasyon Sipèrentandan an nan pwochen reyinyon regilye Komite a k ap fèt 30 Out la, kote lè sa Komite a pral prezante evalyasyon somatif Sipèrentandan Skipper pou Ane Lekòl 2022-2023 a.

## RAPÒ

**Oto-Evalyasyon Sipèrentandan Skipper, Ane Lekòl 2022-2023-** Madam Robinson te dekri defason brèf pwosesis evalyasyon sipèrentandan an. Pami responsablité prensipal Komite Lekòl Boston nan, w ap jwenn anbochman, sipèvizyon, ak evalyasyon Sipèrentandan an. Pandan Sipèrentandan Skipper poko gen yon lane konplè pandan l ap dirije BPS, kontra li a prevwa pou Komite a fè yon evalyasyon avan kòmansman pwochen ane lekòl la.

Gen kat etap nan evalyasyon an:

1. Objektif yo antann sou yo
2. Yon oto-evalyasyon sipèrentandan an fè
3. Evalyasyon pou chak grenn manm
4. Evalyasyon somatif la baze sou evalyasyon endividyèl yo ki vini avan vòt Komite a sou evalyasyon an.

Aprè prezantasyon Sipèrentandan an sou oto-evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a pandan sware sa a, Komite a pral evalye pèfòmans Sipèrentandan an pa rapò ak sis objektif li te prezante avan yo piblikman nan mwa Oktòb 2022 a:

- Priorize ak akselere pèfòmans akademik
- Ranfòse aksè ak aprantisaj sosyo-emosyonèl
- Rasyonalize operasyon yo epi asire sekirite elèv yo
- Devlope pratik pou angajman famiyal ak kominotè ki otantik
- Amelyore kominikasyon entèn ak ekstèn avèk fanmi yo ak anplwaye yo
- Ogmante responsalite pou alafwa biwo santral la ak lekòl yo

Yo pral fè evalyasyon an konfòmman ak direktiv kad Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts la (DESE) bay yo ki gen ladan kat nòm yo:

1. Direksyon pedagogik
2. Jesyon ak fonksyonman
3. Angajman Fanmi ak Kominote
4. Kilti pwofesyonèl

Sipèrentandan Skipper te prezante oto-evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a, sa ki evalye pèfòmans li nan chak grenn nan kat nòm sa yo kòm efikas.

Li te mete aksan sou reyalizasyon ekip li a nan chak grenn nan kategori yo:

**Estanda I: Direksyon Pedagojik**

- Alfabetizasyon Ekitab
- Enklizyon
- Plan Bileng/OMME
- Premye jou nan inivèsite
- Ekspansyon Edikasyon Teknik Pwofesyonèl
- Sipò pou Elèv: Opòtinite pou Jèn ak Absans Kwonik

**Estanda II: Jesyon ak Fonksyonman**

- Estrikti Ekip la: Depite yo
- Estrikti Ekip la: Modèl Rejyonal
- Planifikasyon Enstalasyon yo
- Biwo Jesyon Ijans/Planifikasyon Sekirite Lekòl la
- Sistèm Kominikasyon yo
- Kontra Travay yo

**ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote**

- Restriksyon: Amelyore Ekite, Avansman Fanmi ak Kominote
- Amelyorasyon Konsèy Sit Lekòl La
- Liy Asistans pou Fanmi BPS
- Ekspansyon Mantora Paran

**Estanda IV: Kilti Pwofesyonèl**

- Kominikasyon Entèn
- Konsantrasyon sou Devlopman Pwofesyonèl
- Kontra Lidè Lekòl yo
- Estrikti Reyinyon yo

Sipèrentandan an te di ke pandan ane sa ki sot pase a, li menm ak ekip li a, te konsantre sou evalye distri a pandan y ap pote amelyorasyon defason aktif tou ak pandan y ap priorize rekonstriksyon yon baz solid pandan y ap kreye ak ranfòse yon seri sistèm ak estrikti ki enpòtan. Li te fè konnen gen anpil travay ki ret pou fèt, e ke chanjman transfòmasyon ki kouraje a posib. Sipèrentandan an te remèsye Komite a pou sipò ak kolaborasyon li.

Doktè Alkins te poze Sipèrentandan an kesyon sou domèn priorite ki pi presan an. Li te di ke se yon priorite pou yo elabore yon plan pou edikasyon enklizif, ni antèm de plase elèv ki gen andikap yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon yo ni pou pèmèt aprenan miltileng yo gen plis aksè ak lang matènèl yo. Li te di ke ranfòse angajman fanmi ak kominote yo, sistèm sipò ki gen plizyè nivo yo, ansanm ak sistèm fonksyonman yo ansanm ak estrikti yo se priorite tou. Alavni, ekip la pral konsantre tou sou kapital imen, finans, ak sèvis alimantè. Sipèrentandan an te di ke li prevwa adopte modèl Doktè Karen Mapp la sou angajman fanmi otantik la.

Zoom

26 Jiyè 2023

Madam Polanco Garcia te pale avèk elokans sou Enstiti pandan Ete sou Lidèchip ki Akselere Kapasite Konsèy Administrasyon an (Accelerating Board Capacity Summer Leadership Institute) ke Komite a te patisipe ladan l lan nan kòmansman mwa sa a. Li te di ke fòmasyon an, ke Konsèy Lekòl Great City a ansanm ak Harvard Business School/Harvard Graduate School of Education òganize ansanm nan, te mete aksan sou responsablite ke konsèy administrasyon lekòl yo genyen pou yo amelyore rezilta elèv yo ak pou yo sipèvizite sipèrentandan an. Li te note ke anpil distri gen menm difikilte ak BPS. Madam Polanco Garcia te mande done sou kantite pwofesè bileng, parapwofesyonèl bileng, ansanm ak travayè sosyal bileng yo ki aktyèlman nan distri a pa rapò ak lè Sipèrentandan Skipper te fèk okipe pòs la.

Mesye Tran te felisite Sipèrentandan an dèske li te regle tout kontra travay ki an sispens yo. Li te mande kòman distri a kominike avèk paran yo sou opòtinite pou ansèyman nan lang matènèl la ak sou kòman distri a prevwa pwolonje opòtinite mantora pou paran yo. Sipèrentandan an te pale sou reyisit ak pwolonjman pwogram Mantora pou Paran St. Stephen nan. Li te di ke plan edikasyon enklizif distri a dwe fèt nan eta a nan mwa Out la nan kad Plan Amelyorasyon Sistematik la (SIP). Li te di endikasyon enklizif la pral ogmante pousantaj elèv ki endikap yo nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an epi l ap ogmante pousantaj aprenan mitlileng ki gen kèk yon sèten nivo aksè ak lang matènèl yo.

Mesye O'Neill te remèsye Sipèrentandan an pou konsantrasyon ak konsizyon oto-evalyasyon li an. Li te di ke li ta renmen pou l devlope mezi l ap pran yo pa rapò ak rekòmandasyon Konsèy Lekòl Great City yo ak SIP la. Sipèrentandan an te klarifye pou Mesye O'Neill ke patenarya distri a avèk Franciscan Children's Hospital pral konpleman, men pa ranplase, Modèl Sante Konpòtmantal Konplè distri a ki reyisi a avèk Boston Children's Hospital. Mesye O'Neill te mande kòman distri a kapab amelyore fyabilite aparèy ki kontwole GPS ki nan bis yo pou li kapab asire done ki pi egzat. Sipèrentandan an te eksplike ke apeprè 3-4 pousan nan aparèy ki kontwole GPS yo nan flòt 750 bis yo nan distri a gen pwoblèm pou yo kolekte done pou divès kalite rezon e ke ekip transpò a ap travay pou l rezoud pwoblèm sa yo. Mesye O'Neill te di ke ii ta renmen wè yo mete yon aksan sou angajman fanmi ak kominote a lè yo pibliye plan etablisman yo. Li te felisite Sipèrentandan an poutèt li rive atenn rezolisyon travay yo. Li te ankouraje Sipèrentandan an pou l egzaminen travay ke lòt distri lekòl yo ap fè yo, sa vle di, Charlotte ki gen sistèm sante yo, Dallas ki gen kominote biznis lokal a ansanm ak Long Beach k ap devlope ekspètiz nan domèn endistri. Li te poze kesyon sou travay distri a sou alfabetizasyon ekitab ak sou kòman li kapab ogmante opòtinite pou elèv yo ak pou l konble lakin yo. Sipèrentandan an te di ke l ap itilize rezo rejyonal y ak kominote aprantisaj pwofesyonèl yo pou li kapab aplike pratik alfabetizasyon ekitab yo defason konsistan nan chak salklas. Li te pale de gwo envestisman distri a nan materyèl pedagogik kalite siperyè ki adapte ni sou plan kiltirèl ni sou plan lengwistik. Sipèrentandan an te di ke li rete konfyan ke alfabetizasyon ekitab la, ansanm avèk sipò ki apwoproye yo, pral amelyore rezilta alfabetizasyon yo pou elèv yo epi y ap ede konble lakin yo.

Doktè Alkins te mande pou Sipèrentandan an bay yon matris ki relye teyori aksyon li an avèk SIP, rekòmandasyon Konsèy Lekòl Great City yo ansanm ak valè Komite Lekòl la. Li te poze kesyon sou delè pou angajman fanmi ak kominpte a ki gen rapò ak plan direktè etablisman yo. Sipèrentandan an te di ke pandan otòn nan, li menm ak ekip li a pral prezante yon

## Reyinyon Vityèl Espesyal Komite Lekòl Boston nan

Zoom

26 Jiyè 2023

ebòch ribrik planifikasyon investisman an bay Komite a ansanm avèk yon tablodbò sou evalyasyon kondisyon evalyasyon yo.

Madam Robinson te pale sou santiman ijans ke kèk lekòl te eksprime yo konsènan enklizyon an. Sipèrentandan an te diskite sou pwogrè yo k ap fèt nan lekòl transfòmasyon yo epi li te di ke ekip rezo rejonalyal yo ap travay pou yo bay lekòl yo sipò ki nesèsè pou yo kapab jere chanjman a gran echèl yo. Ekip rezo yo ap travay yo avèk responsab lekòl yo ansanm ak espesyalis done yo pou yo kapab pran desizyon eklere sou done yo epi y ap fè tout sa yo kapab pou kontinye amelyorasyon an.

Madam Robinson te mande Sipèrentandan an kisa l te akonpli ki te rann plis fyè pandan premye ane li a. Sipèrentandan an te di ke li fyè dèske li regle kontra travay yo, estabilize baz direktè a, ak pran anplwaye nan nivo lekòl la ak nan nivo distri a, ak dèske l te relve sistèm nan yon fason ki dirab.

Madam Robinson te revize delè evalyasyon alavni an. Pandan semèn k ap vini yo, chak manm nan Komite a pral redije pwòp evalyasyon yo. Doktè Alkins ak Mesye O'Neill pral vin konpile enfòmasyon yo an yon evalyasyon somatif ke yo pral prezante nan reyinyon 30 Out la. Komite a pral vote sou evalyasyon pèfòmans final Sipèrentandan an nan dat 13 Septanm lan. Madam Robinson te konfime ke pou Mesye Mehta ke li pral patisipe nan pwosesis evalyasyon sipèrentandan an. Madam Robinson te konfime pou Mesye Tran ke li kapab voye evalyasyon li fini an pa imèl bay Madam Sullivan ak bay Sipèrentandan an. Madam Robinson te remèsye Doktè Alkins ak Mesye O'Neill poutèt yo te dirije pwosesis la.

## NOUVO BIZNIS

Pa t genyen.

## REPÒTE

*Apwouve* - A anviwon 07:55 p.m. apwoksimativman, Komite a te vote ansanm, pa apèl nominal, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth A. Sullivan  
Sekretè Egzekitif

**Reyinyon Vityèl Espesyal Komite Lekòl Boston nan**

**Zoom**

**26 Jiyè 2023**